

RÈG ADMINISTRATIF DISTRI A**JDD(1)-R Sispansyon/Ekspilsyon Elèv Andikape yo
Suspension/Expulsion of Disabled Students**

7/25/16

Referans GSBA: JDD (Sispansyon Elèv)

RASYONÈL/OBJEKTIF:

Distri Lekòl Cobb County la (Distri a) dedye a bon jan pratik disiplin pou bay elèv nan Distri a yon anviwònman aprantisaj efikas e an sekirite, pou ankouraje aprantisaj, epi pou ankouraje matirite pandan jounen lekòl la osi byen ke pandan tout aktivite ki gen rapò ak lekòl la. Elèv ki andikape yo pral disipline dapre lalwa Georgia ak lalwa federal la.

RÈG:

Elèv ki andikape yo pral sispann oswa ekspilse jan sa dekri anba a ak nan Lwa Piblik 108-446 la: Lwa sou Amelyorasyon Edikasyon pou Moun ki Andikape (IDEA 2004):

A. NOTIFIKASYON:

Direktè lekòl la oswa moun li deziyen an dwe avize biwo Sipò Ansèyman ak Aprantisaj ak Sèvis Espesyalize yo imedyatman lè yon elèv ki andikape vyole Règ Administratif Distri a ki gouvènè konduit elèv yo epi yo pral rekòmande pou yon sispansyon oswa yon ekspilsyon deyò lekòl la pou yon ti tan oswa yon long tèm ki pral lakòz elèv la depase yon total dis (10) jou sispansyon nan nenpòt ane lekòl.

1. Nan vennkat (24) èdtan apre rekòmandasyon pou nenpòt sispansyon/ekspilsyon ki pral depase dis (10) jou lekòl an total nan nenpòt ane lekòl, direktè a oswa moun li deziyen an dwe eseye notifiye paran/gadyen legal la ak elèv la sou aksyon yo pwopoze a, swadizan akizasyon yo ak reyinyon Ekip Detèminasyon IEP/Manifestasyon an ki pwograme pou konsidere ka a (presize objektif la, patisipan yo, lè a ak kote reyinyon an ap fèt). Paran/gadyen legal la dwe resevwa yon notifikasyon ke Ekip Detèminasyon IEP/Manifestasyon an (Ekip la) ka chanje IEP elèv la. Y ap mande paran/gadyen legal la pou l patisipe nan revizyon an epi y ap ba li yon kopi Dwa Paran yo Konsènan Edikasyon Espesyal la.
2. Prezidan Komite a dwe dokimante prezans paran/gadyen legal la nan revizyon an oubyen dokimante tantativ pou enplike paran/gadyen legal la nan revizyon an.

B. DETÈMINASYON IEP/MANIFESTASYON:

1. Biwo Sipò Ansèyman ak Aprantisaj ak Sèvis Espesyalize yo ap òganize epi dirije yon reyinyon Ekip Detèminasyon IEP/Manifestasyon nan lespas 10 jou lekòl apre dat avi a.
2. **Seri Sispansyon Kout Tèm:**
Pou yon seri sispansyon kout tèmkil pral depase yon total dis (10) jou lekòl, Ekip la ap detèmine si seri sispansyon yo kreye yon modèl esklizyon ki konstitye yon chanjman enpòtan nan plasman.
 - a. Yon seri sispansyon kreye yon modèl:
 - (1) Paske seri retrè yo totalize plis pase 10 jou lekòl nan yon ane lekòl;
 - (2) Paske konpòtman timoun nan sanble anpil ak konpòtman li te genyen nan ensidan anvan yo ki te lakòz seri ranvwa yo; epi
 - (3) Akòz lòt faktè tankou dire chak fwa yo retire timoun nan, kantite tan total yo te retire timoun nan, ak pwoksimitè ant retire yo youn ak lòt.
 - b. Si Ekip la detèmine ke seri sispansyon yo pa kreye yon modèl esklizyon ki konstitye yon chanjman enpòtan nan plasman, elèv la ap sèvi sispansyon yo rekòmande a.
3. **Sispansyon pou yon long tèm:**
Pou sispansyon long tèm, ekspilsyon oswa yon seri sispansyon kout tèm ke Ekip la detèmine kòm yon chanjman enpòtan nan plasman:

- a. Ekip la pral egzamine ka a pou detèmine si move konduit la te oswa non yon manifestasyon andikap ki fè elèv la ap resevwa sèvis edikasyon espesyal la.
- b. Ekip la dwe revize IEP aktyèl elèv la ak istwa ka a anvan yo pran detèminasyon sa a. Sa ta dwe gen ladan, men pa limite a, tout enfòmasyon enpòtan ki nan dosye elèv la, obsèvasyon pwofesè a, ak tout enfòmasyon enpòtan sou paran yo.
- c. Ekip la dwe detèmine:
 - (1) Si konduit an kesyon an te koze pa, oswa te gen yon relasyon dirèk ak sibstansyèl ak, andikap timoun nan; lò
 - (2) Si konduit an kesyon an se rezilta dirèk echèk Distri a pou aplike IEP a.
- d. Si Ekip la detèmine ke konduit an kesyon an te koze pa, oswa te gen yon relasyon dirèk ak sibstansyèl ak, andikap elèv la; oubyen konduit an kesyon an te rezilta dirèk echèk Distri a pou aplike IEP a, Ekip la dwe swa:
 - (1) Fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, sof si Distri a te fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl anvan konpòtman ki te lakòz chanjman plasman an te rive, epi aplike yon plan entèvansyon konpòtman pou elèv la; lò
 - (2) Si yo deja devlope yon plan entèvansyon konpòtmantal, revize plan entèvansyon konpòtmantal la, epi modifiye li si sa nesèsè, pou adrese konpòtman an, retounen elèv la nan plasman kote yo te retire li a, sof si paran/gadyen an ak Distri a dakò pou yon chanjman plasman kòm yon pati nan modifikasyon plan entèvansyon konpòtmantal la.
- e. Si Ekip la detèmine ke konpòtman elèv la pa t yon manifestasyon andikap la, Ekip la ta dwe dokimante konklizyon li yo epi fè chanjman nan IEP a si sa nesèsè. Si yo rekòmande ekspilsyon oswa sispansyon alontèm kòm yon aksyon disiplinè, Ekip la dwe rekòmande tou sèvis edikasyonèl ak/oswa sèvis ki gen rapò ak sa ki apwopriye pou bay pandan y ap ekspilse/sispann elèv la. Yo pral swiv pwosedi legal ki nan Règ Administratif JCEB-R (Pwosedi Odyans Elèv) pou tout sispansyon oswa ekspilsyon alontèm rekòmande yo.
- f. Si Distri a, paran/gadyen legal la ak manm konsène nan Ekip elèv la detèmine konduit an kesyon an se te yon rezilta dirèk echèk Distri a pou aplike IEP a, Distri a dwe pran mezi imedyat pou korije defisyanans sa yo.
- g. Ekip la dwe dokimante konklizyon ak rekòmandasyon komite a.

C. ZAM/DWÒG/BLESI KÒPORÈL:

Elèv ki andikape ki posede yon zam, ki posede oswa itilize dwòg ilegal, oswa ki vann oswa ki mande pou vann yon sibstans kontwole, oswa ki blese yon lòt moun gravman pandan y ap lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl, kit se sou kanpis lekòl la kit se deyò (Règ Administratif JCDA-R), ka sibi yon chanjman nan plasman nan yon anviwònman edikasyonèl altènatif pwovizwa ki apwopriye pou menm kantite tan ak yon elèv ki pa andikape ta sibi disiplin, men pa pou plis pase karant-senk (45) jou lekòl kèlkeswa si konduit la se yon manifestasyon andikap elèv la pou ki li ap resevwa sèvis edikasyon espesyal. Si konduit la pa yon manifestasyon andikap elèv la pou kisa l ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, yo ka retire elèv la nan yon anviwònman edikasyonèl altènatif pwovizwa ki apwopriye pou menm kantite tan ak yon elèv ki pa andikape ta sibi disiplin. Plasman altènatif la dwe pèmèt elèv la patisipe nan kourikoulòm jeneral la, pwogrese pou atenn objektif IEP yo, epi resevwa nenpòt sèvis ak modifikasyon ki make nan IEP li a. Anplis de sa, plasman an dwe gen ladan sèvis/modifikasyon pou adrese konpòtman ki te lakòz chanjman plasman elèv la, epi pou anpeche konpòtman an rive ankò.

1. Yon zam defini kòm nenpòt aparèy, enstriman, materyèl, oswa sibstans, anime oswa inanime, ki ka lakòz lanmò oswa blese grav, e li gen ladan l yon kouto pòch ak yon lam 2-1/2 pous oswa plis.
2. Yon blese grav nan kò a defini kòm yon blese nan kò ki gen yon gwo risk lanmò; doulè fizik ekstrèm; defigirasyon pwolonje ak vizib; oubyen pèt oswa andikap pwolonje nan fonksyon yon manm nan kò a, yon ògàn, oswa yon fakilte mantal.

D. RETIRE NAN 45 JOU:

Si antretyen yon elèv andikape nan plasman aktyèl li a gen anpil chans pou lakòz blese pou elèv la oswa lòt moun, yo ka retire elèv la pou yon maksimòm karant-senk (45) jou lekòl, men sèlman sou desizyon yon jij lalwa administratif oswa yon tribinal leta oswa federal. Biwo

Sipò Ansèyman ak Aprantisaj ak Sèvis Espesyalize yo ap pran desizyon pou mande odyans lan.

Adopte: 8/26/82

Revize: 9/1/04

Revize: 4/13/83; 8/8/84; 7/11/85; 8/27/87; 6/28/90; 5/27/93; 12/8/97 7/24/97; 5/27/99, 9/12/00; 2/24/05; 11/14/07; 11/09/11

Revize ak Rekòde: 1/7/13 (Anvan kode kòm yon Règ Administratif JKDD)

Revize: 7/1/13; 7/25/16

Referans legal

O.C.G.A. 20-2-740	Rapò anyèl LBOE konsènan aksyon disiplinè ak plasman
O.C.G.A. 20-2-751.1	Règleman ekspilasyon pou elèv ki pote zam lekòl la
O.C.G.A. 20-2-751.2	Elèv ki sibi lòd disiplinè nan lòt lekòl yo
O.C.G.A. 20-2-751.5	Dispozisyon obligatwa pou kòd konduit elèv yo
O.C.G.A. 20-2-751.6	Règleman disiplinè pou elèv ki komèt zak vyolans fizik kont anplwaye lekòl yo
O.C.G.A. 20-2-753	Tribinal apre akizasyon agresyon ak batri oswa sispansyon ki depase 10 jou
O.C.G.A. 20-2-1160	Pouvwa tribinal LBOE a pou detèmine kontwovès lekòl lokal yo; apèl; dispozisyon edikasyon
espesyal	
O.C.G.A. 20-2-154.1	Pwogram edikasyon altènatif; entansyon; deskripsyon; finansman
O.C.G.A. 20-2-735	Adopsyon règleman pa LBOEs yo pou amelyore anviwònman aprantisaj elèv yo
O.C.G.A. 20-2-736	Kòd konduit elèv yo; distribisyon
O.C.G.A. 20-2-738	Otorite pwofesè a pou retire elèv la nan salklas la; pwosedi yo
O.C.G.A. 20-2-751	Definisyon Ekspilasyon/Sispansyon
O.C.G.A. 20-2-752	Etablisman ofisye odyans disiplinè, panèl oswa tribinal; règle ak règleman
O.C.G.A. 20-2-765	Avi pou paran yo konsènan pwoblèm disiplin kwonik pou elèv la
O.C.G.A. 20-2-766	Elèv k ap retounen apre yo te fin mete yo deyò/sispansyon; enstriksyon, konferans
O.C.G.A. 20-2-768	Ekspilasyon/sispansyon pou komisyon yon krim; sistèm edikasyon altènatif
Règ 160-4-8-.12	Pwogram Edikasyon Altènatif
20 USC 7151	Kondisyon pou moun pa gen zam